

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince
Haïti BP 6110,
56, angle Rue Piquant et Lamarre
Tél. 2943 0079
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

AVI

Anrapò ak demann Ofis Pwoteksyon Sitwayen an, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè (CE-JILAP) te lanse pwosesis ki dwe pèmèt sektè dwa moun nan chwazi 3 moun l ap remèt bay OPC, ki limenm ap chwazi youn nan yo pou konplete Konsèy Siperyè Pouvw Jidisyè a (KSPJ), CSPJ (Ref. jan lwa 13 novanm 2007 la prevwa sa, Monitè no 112, 20 desanm 2007)

Komite kòdinasyon CE-JILAP mete anplas pou kòdone pwosesis la deja resevwa enskripsyon pou 18 òganizasyon epi senk (5) kandida. Pou reponn demann kèk òganizasyon, Komite a deside pwolonje peryòd enskripsyon pou òganizasyon ak pou kandida rive jis lendi 4 jen 2018.

Oganizasyon ak kandida yo kapab enskri sou adrès imel : candidaturesdhcspj@yahoo.com.

Nou ka konsilte gid ki tabli règ yo pou enskripsyon òganizasyon epi kandida sou sit entènèt CE-JILAP la : www.justicepaixhaiti.org.ht.

Pòtoprens, 1^e jen 2018



Jocelyne COLAS NOEL
Direktris Egzekitiv CE-JILAP